**Qaraqalpaqstan Respublikasi**
**Ma’limleme –kitapxana orayi**

# Kitapxanashig’a  ja’rdem

**«Málimleme-kitapxana mekemelerinde Marketing jumısı»**

**No’kis-2021**

## Málimleme-kitapxana mekemelerinde Marketing jumısı

**Marketing**-bul paydalanıwshılardıń maǵlıwmatqa mútájligi hám talapların maksimal orınlawǵa baǵdarlanǵan basqarıw texnologiyası. Kitapxanalarda administraciya menen birgelikde paydalanıwshılardıń zarúrligin hám talapların analizlew, baqlaw hám úyreniwdi óz ishine alǵan marketing izertlewler sisteması islep shıǵılǵan bolıwı kerek. Kitapxanalar ózleri ámelge asırıp atırǵan marketing siyasatın járiyalawshı húјjetge iye bolıwı kerek. Bul húјjetti dúziwde tarawdaǵı málimleme-kitapxana orayları, Málimleme-resurs orayları, kitapxana qánigelerin tartıw maqsetke muwapıq boladı.

Bul programmalıq húјjet tómendegi táreplerdi óz ishine qamtıp alıwı kerek:

- kitapxana jumıslarınıń maqseti hám strategiyası;
- qoyılǵan maqsetlerge erisiwdi támiyinleytuǵın jumıs rejesi;
- kitapxana jumısların bahalaw usılları.

**Marketingtiń maqseti:**

-kitapxana xızmetlerine keleshektegi talap hám zárúrligin rawajlandırıw;

-tólemli hám tólemsiz xızmetler kólemin qáliplestiriw;

-paydalanıwshılardıń jańa kategoriyaların qamtıw;

-kitapxana xızmetlerine talaptı rawajlandırıw ;

-jumıs usılın islep shıǵıw (kim, ne, qashan, ne ushın hám qanday etip?);

- kitapxananıń ózine tartatuǵın kelbetin jaratıw ;

-jámiyetshilik pikirin úyreniw;

-ótkerilip atırǵan ilajlar natiyjeliligin izertlew;

-úzliksiz kitapxqumarlar sheńberin uslap tura biliw.

**Kitapxanalarda marketing jumislari qanday jolǵa qoyıladı?**

Sorawnamalar, sorawlar ótkeriw hám alınǵan nátiyjelerdi analiz qılıw ;
-mútájliklerdi úyreniw hám kitapxananıń barlıq jumısların paydalanıwshılardıń mútájliklerin qandırıwǵa jóneltiriw;
-jumıstıń innovaciyalıq formaları hám usılların ózlestiriw;
-xızmetler kólemin keńeytiw;
-basqa shólkemler; kitapxanalar, joqarı oqıw orınları, mádeniy oraylar menen baylanıs ornatıw ;
-monitoring ótkeriw (salıstırmalı, statistikalıq kórsetkishler, ósiw dinamikası, kitapxana jumısların analiz qılıw).

**Reklama jumislari wazıypalarına tómendegiler kiredi:**

-paydalanıwshılarda kitapxana haqqında arnawlı bilimlerdi qáliplestiriw;

-reklama qılınıp atırǵan xızmettiń tiykarǵı paydalanıwshısın anıqlaw;

-sırtqı reklama (kitapxana fasadınıń bezetiliwi, túrli reklama ushın ajıratılǵan orınlarda reklama)

-kitapxana ishinde reklama (xanalardıń bezetiliwi, túrli stendlar, kórgezbelerdi jaylastırıw);

-reklama –maǵlıwmat beriwshi materialları (bukletlar, betler, qosımsha betler, plakatlar, xatchuplar, baxalawnamalar).

**Reklama xabarı tómendegi talaplarǵa juwap beriwi kerek:**

-reklama paydalanıwshılardıń talapları hám mútájliklerine uyqas bolıwı ;

-reklama xabarın eslep qalıw ańsatlıǵı;

Túsinikli, operativlik, anıqlıq, hár túrlilik, jarıtıp beriwshilik;

-xızmet dárejesiniń reklamada aytılǵanlıǵına sáykesligi;

-paydalanıwshılarǵa usınıs qılınıp atırǵan maǵlıwmattıń jańalıǵı;

-reklama qılınıp atırǵan xızmettiń paydalanıwshı ushın zárúrligi;

-xızmetten paydalanıw shártleri hám qaǵıydalarınıń ashıp beriliwi.

**Kitapxanadaǵı reklama bir neshe baǵdarlardı óz ishine aladı:**

- Kitapxana xızmetlerin reklama etetuǵın veb-saytlardı qáliplestiriw hám engiziw;
- Kitapxana, onıń islew tártibi (rejimi) hám basqalar haqqında maǵlıwmat;
- Resurslar, olardıń quramı hám dúziliwi haqqında maǵlıwmat;
- Kitapxanada kórsetetuǵın xızmetler haqqında maǵlıwmat;
- Kitap yarmarkaları hám kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıwshı kesheler ótkeriw;
- Kórgizbeler hám prezentaciyalar shólkemlestiriw;
- "Oqıw kúnleri", "Maǵlıwmat kúnleri", «Qánigeler kúnleri"n shólkemlestiriw hám ótkeriw;
- Ideyalar yarmarkaları, jańa ádebiyatlar kórgizbelerin shólkemlestiriw;
- Túrli prezentaciyalar shólkemlestiriw;
- Kitap oqıwshılardıń itibarın tartıwshı estetik kórinisin jaratıw;
- Kórsetkishlerdi, bannerlerdi anıq hám shıraylı bezetiw.

**Kitapxanada reklama toparı (kompaniya)**

Kitapxanada reklama toparı - bir makset penen birlestirilgen, belgili waqıt dáwirin óz ishine alatuǵın hám waqıt belgileniwi boyınsha bir reklama keshesi basqasın tolıqtıratuǵın bir neshe reklama keshelerinen ibarat kesheler jıyındısı.

Reklama toparınıń maqseti:

- Kitapxana hám kitapxanashı kásibiniń jaqsı imidjin jaratıw;
- Eski qáliplerdi joq etiw;
- Kitapxananıń málimleme orayları sıpatındaǵı máplerin nızam dárejesinde qorǵaw;
- qosımsha qarjılardı tartıw (sonıń menen birge sponsorlardıń qarjıları);
- shet ellik sheriklerdi birge islesiwge tartıw;
- paydalanıwshılardı kitapxana tárepinen kórsetiletuǵın túrli xızmetlerge hám soǵan uqsas xızmetlerge tartıw;
- kitapxana menen paydalanıwshılar ortasındaǵı birlikti úyreniw hám qollap-quwatlaw;
- kitapxanaǵa bolǵan jámiyetshilik hám húkimettiń jaqsı múnásibetine tásirin kórsetiw;
- kitapxana tárepinen kórsetiletuǵın xızmetlerden ulıwma xabardarlıǵın keńeyttiriw.

**Kitapxananıń óz imidjin jaratıw.**

**Imidj** - bul to¬var, joybar, firma, mákemeler haqqında insanda, auditoriyada payda bolatuǵın túsiningi.

**Kitapxana imiji** – bul kitapxananıń oqıw sisteması hám ulıwma jámiyet rawajlanıwında (tiykarınan oqıw barısın maǵlıwmat penen támiynlewde)gi úlesi, áhmiyeti dárejesi hám rolin belgilewshi kórsetkish.

Kitapxananıń jaqsı tárepin jaratıwdıń tiykarǵı baǵdarları:
resurslar menen tolıq támiyinlengenligi;
tájiriybeli kadrlar menen támiyinlengenligi;
paydalanıwshılarǵa xızmet kórsetiw sıpatı;
estetik bezetilgenligi (dizayn foto-dizayn);
kitapxana inter'eri (mebel', texnikalar, jaylasqan ornı);
reńli bezetilgen bannerler, ajratqıshlar, kórgizbeler;
kitapxana jumısları haqqında bárqulla maǵlıwmat berip barıw. Sonday-aq kitapxana haqqında jaqsı túsiniklerdi bekkemlewge járdem kórsetiwshi firma stilide imijǵa qatań tásir kórsetedi. Kitapxananıń kórinisi (stili) tómendegi bir qatar elementlerden ibarat.

**Kitapxana belgisi** – kitapxana óz jumısın alıp barıwda qollanatuǵın original bezetilgen grafik kórinis.

**LOGOTIP** –kitapxananıń kórinisli simvolı, belgisi.

Súren – mirát etilip atırǵan xızmettiń tiykarǵı ideyasın jarıtıp beriwshi qısqa belgi, shaqırıq, deviz, kitapxana súreni.

## Kitapxanashı imiji.

Kitapxanashılıq kásibi imijini rawajlandırıwda tiykarǵı wazıypalardan biri bul tarawdaǵı qánigeler haqqında jaqsı pikir payda etiw bolıp, oǵan tómendegi jol menen erisiw múmkin:

- kásiplik sıpatların yaǵnıy intellekt, professionallıq, jumıs usılı, insanlarǵa múnásibet, óz-ara baylanısqa kirisiwsheńligi, málimleme texnologiyaların biliwi;
- sırtqı kórinisi;
- hár túrli jaǵdaylarda tuwrı jol tabıw qábiliyetin;
- jámiyetshilik aldında sóylew qábiliyeti;
- is júzesinen jazıwlardı alıp barıw qábiliyetin rawajlandırıw.

**Bestseller** – málim waqıt ishinde talap kúshli bolǵan kitap túri esaplanadı. Sonday-aq, AQShda xalıqtıń 1 payızı satıp alınǵan kitabı bestseller dep ataladı. Kóp jaǵdaylarda bul atama menen romanlar ataladı. Olardıń avtorları AKLU hám Batıs Evropa mámleketlerinde belgili esaplanadı. Bestseller sıpatında kóp jıllar dawamında Sherlok Xolms haqqındaǵı kitaplar, Agata Kristi shıǵarmaları tán alınǵan. Olar arasında júdá kóp telefil'mler hám kinofil'mler súwretge alınǵan, sonıń menen birge xalıqqa jaqsı tanıs edi.

Qaraqalpaq tiline awdarg’an B. Tanirbergenova